



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 46 MILYON DOLA NAN NOUVO  
SIBVANSYON POU ZÈV ATISTIK AK KILTI**

*Fè sibvansyon Konsèy Eta New York sou Zèv Atistik la rive nan plis pase 80  
milyon dola nan ane fiskal 2024 la*

*Finansman an pral sipòte plis pase 1000 òganizasyon ak 500 atis endividyèl  
atravè Eta New York*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 46 milyon dola sibvansyon atravè Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik (New York State Council on the Arts) la. Sipòte plis pase 1,000 òganizasyon san bi likratif ak 500 atis endividyèl, sibvansyon sa yo sipòte ekonomi kreyatif ak dinamik New York la nan bati kominote a, ranfòse touris ak ekonomi lokal yo epi ranfòse sante pèsonèl ak kolektif. Avèk plis pase 34 milyon dola yo deja akòde kòm sibvansyon sou plizyè ane bay 729 òganizasyon, faz finansman sa a pote total ane fiskal sa a nan 80 milyon dola sibvansyon pou zèv atistik ak kilti nan Eta New York.

"Rechèch yo konfime sa nou te toujou konnen isit la nan New York: zèv atistik ak kilti se yon pisans, avèk yon retou sou envestisman estrawòdinè pou ekonomi nou an ak kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo ak odyans yo te jenere 151.7 milya dola nan aktivite ekonomik nan tout peyi a an 2022 epi sektè atistik ak kiltirèl san parèy New York ap trase wout la pou benefisyè rezidan nou yo, elèv nou yo ak vizitè nou yo chak jou. Mwen felisite benefisyè sa yo pou reyisit yo epi pa ka tann pou wè kontribisyon yo nan ane k ap vini an".

Nan sik finansman sa a, yo te anonse kat kategori prim diferan:

- Sibvansyon **Sipò pou Òganizasyon** yo pral bay 31,887,411 dola pou 1,021 gwoup atistik ki gen ladan mize, pwogram atistik vizyèl, òganizasyon edikasyon atistik, ak konpayi mizik, dans ak teyat.
- Sibvansyon **Sipò pou Atis** yo pral bay 5,040,000 dola pou 504 atis tout disiplin.
- Sibvansyon **Opòtinite Sible** yo pral bay 2,997,034 dola pou sipòte apranti zèv atistik popilè pou atis endividyèl, espas repetisyon ak estidyo pou atizay espektak ak rezidans atizay espektak.

- **Sibvansyon pou Enskripsyon ak Sèvis** pral bay 6,619,516 dola pou 25 òganizasyon rejyonal atistik ak kiltirèl atravè eta a pou pwolonje enpak sibvansyon NYSCA a.

Y ap bay 729 òganizasyon k ap resevwa sibvansyon sou plizyè ane, plis finansman ane fiskal 2024, atravè tout disiplin, pou yon total 34,445,805 dola.

An 2021, Konsèy Eta New York sou Zèv Atistik yo (New York State Council on the Arts, NYSCA) te revize estrateji finansman li yo pou pèmèt plis aksè nan finansman zèv atistik atravè eta a epi li te reyafime sipò li bay atis yo. Kòm rezilta, NYSCA te bay sibvansyon pou 84 pousan premye aplikan yo ak plis atis endividyèl pase anvan. Nan faz sa a, 70% finansman yo te ale nan òganizasyon ki gen bidjè ki mwens pase 1 milyon dola; ak 53% finansman ale nan òganizasyon ki gen bidjè ki mwens pase 500,000 dola.

Gen yon lis konplè atis ak òganizasyon ki te resevwa sibvansyon yo [isit la](#).

NYSCA toujou ap aksepte aplikasyon pou 37 milyon dola nan sibvansyon pou fon pwojè kapital yo jiska 11 janvye 2024. Fon Pwojè Kapital NYSCA a sipòte òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo k ap chèche finansman Eta a pou investisman nan amelyorasyon kapital pou pèmèt òganizasyon yo soutni ak elaji pwogram kiltirèl pou divès piblik, ankouraje aksè ak dirabilite anviwònman an, prezève ak kreye travay, epi finalman kontribye nan kwasans sektè atistik dinamik ak touris New York yo. Ale sou [sitwèb NYSCA pou jwenn detay](#).

**Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare,** "Gras a sipò san konsyans Gouvènè Hochul ak Lejislati nou an, NYSCA tèlman fyè pou l sipòte travay òganizasyon ak atis sa yo atravè New York. Nan tout sektè atistik ak kiltirèl la – soti nan atis ki gen renome mondyal rive nan pwogram apre lekòl yo, soti nan mize ki etabli depi lontan yo rive nan kolektif atistik kominotè yo – òganizasyon ak atis sa yo ansanm se yon pisan chofè sante, touris, ekonomi ak edikasyon pou rezidan ak vizitè nou yo. Nan non Konsèy la ak anplwaye yo, felisitasyon pou tout moun ki resevwa sibvansyon NYSCA nou yo epi mèsè pou pèsèverans nou, kreyativite nou ak sèvis san pran souf nou bay Eta New York".

**Senatè Eta Jose Serrano te deklare,** "Nou menm antanke Nouyòkè, nou gen aksè a atis ak òganizasyon ki pi inovatè, ki konsantre sou kominote a epi ki pi kreyatif nan nasyon an. Investisman enpòtan sa a pral sipòte plis pase mil òganizasyon ansanm ak plizyè santèn atis endividyèl, sa k ap elaji gwo benefis zèv atistik ak kilti nan tout kwen nan Eta a. Mwen felisite benefisyè yo pou reyalizasyon fòmidad sa a epi mwen pa ka tann pou m wè tout sa yo pral fè pou New York".

**Manm Asanble Daniel O'Donnell te deklare,** "Enfliyans zèv atistik yo anrasine byen fon nan estrikti Eta New York, epi finansman esansyèl sa a pral non sèlman ranfòse ak anrichi kominote nou yo, men tou, ogmante touris nou an, ranfòse sante nou ak estimile

ekonomi nou an. Antanke Prezidan Komite pou Devlopman Touris, Pak, Atizay, ak Espò, mwen apresye anpil angajman kòlèg mwen yo pou amelyore sektè atistik ak kiltirèl ki gen renome nan New York, epi mwen pa ka tann pou m wè enpak pozitif li pral genyen sou eta nou an. Felisitasyon ak tout benefisyè yo".

### **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Misyon Konsèy Atistik Eta New York la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta New York pou tout moun. Pou sipòte rekipèrasyon zèv atistik k ap kontinye nan Eta New York, Konsèy Atistik la pral akòde 127 milyon dola nan Ane Fiskal 2024 la. Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Krete pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [www.arts.ny.gov](http://www.arts.ny.gov), epi swiv paj [Facebook](#) NYSCA, Twitter [@NYSCArts](#) ak Instagram [@NYSCouncilontheArts](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)